*O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI*
*XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI*
*A'JINIYAZ ATINDAG'I NO'KIS MA'MLEKETLIK*
*PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI*

*Muzıkalıq ta'lim kafedrası bakalavriyat jonelisi*
*Kundizgi bo`lim pitkeriwshisi*
*Orazbaeva Rawshannın`*
*«Muzıka oqıtıwdın` innovatsion texnologiyası»*
*pa`ni boyınsha*

*«Nama ti'n`lag`anda innovatsion ta`lim ali'w jollari'» temasında*

***K U R S   J U M I S I***

*Kafedra baslıg`ı:* *dotsent I.R.Jumaniyazov*
*Pa`n oqıtıwshısı:* *P.i.k., dotsent S.E.Romanova*

*N o` k i s – 2012*

*Tema: «Nama ti'n`lag`anda innovatsion ta`lim ali'w jollari'»*

*Joba:*

*Kirisiw*

*I-Bap. Ta`limde innovatsion texnologiya ha`m muzıka ta`limi*

*1.1. Ta`limde pedagogikalıq texnologiyanın` ornı*

*1.2. Mekteplerde muzıka ta`limi*

*II-Bap. Muzıka sabag`ınının` nama tın`law barısında innovatsion protsess.*

*2.1. Nama tın`lag`anda oqıwshılardın` bilim alıwı ha`m de ta`rbiyasın jetilistiriwde innovatsion protsesstin` a`hmiyeti .*

*2.2. Nama tın`latıwda ped. texnologiyalıq metodlardan paydalanıw jolları*

*Juwmaqlaw*

*Paydalang`an a`debiyatlar*

*Qosımshalar*

*Kirisiw*

*«Texnologiya» so`zi basqa tillerge grek tilinen kirgen bolıp bizin`she iskusstvo, sheberlik, ka`sip-o`ner haqqında ilim degen mag`ananı an`latadı. Jan`a pedagogikalıq texnologiyanı jaratıw, belsene qollaw ha`m jetilistiriwde to`mendegi waziypalardı iske asırıw og`ada a`hmiyetli boladı.*

*Innovatsion pedagogika – bul ha`zirshe belgili atama bolıp bu`gingi putkil du`n`ya qa`niygelerinin` da`stu`riy pedagogikasına kritikalıq jantasıp atırlar. Ha`zirgi ku`nlerde payda bolıp atırg`an jan`a pa`n tuwralı ha`r qiylı sozler aytılıp atır. Onın` waziypası basqarıp turg`an putkil oqıw ta`rbiya dizimi teoriyasını innovatsion tiykarda qayta sho`lkemlestirip o`zlestiriliw.*

*Ta`lim-ta`rbiya balanın` a`tirap menen o`zara qatnası turi bolıp ol a`lemdin` tu`rli ob`ektlarına tiykarlanıp, sub`ektiv xarakterge iyedir. Pedagogikalıq isde sub`ekttin`-sub`ektge ta`siri ta`siri oqıwshının` a`tiraptag`ılarg`a mu`nasebatlerin qaliplestiriwde a`hmiyetli. Qatnastın` erkinligi oqıtıwshıdan shaxsg`a ustalıq menen ta`sir etiwdi talap etedi. Bala mustaqıl tan`daw huquqina iye bolıp, bul o`z turmıslarına sub`ektivlikti ta`minleydi. Solardı este saqlaw kerek, ballada ol yamasa bul qatnastın` qa`lipleskenligi onın` keleshekte insanlar, predmetler, a`lem menen o`zara ta`sirinde a`hmiyetli. Usı jag`day oqıw protsessine ta`lim texnologiyaların propagandalawdın` aktuallıgin ko`rsetiwshi kerekli qurallarınan biri bolıp esaplanadı.*

*Jan`a pedagogikalıq texnologiyalarına tiykarlang`an sabaqlardın` da`stu`riy sabaqlardan ayırmashılıg`ı sabaqta oqıwshıg`a erkinlik sha`rayıtını jaratıp berip, og`an o`z pikirin Erkin aytıw mumkinshilikler jaratıp beriw. Bul mumkinshilikler qanday jaratıladı? Oqıwshıg`a hesh qanday ku`sh ko`rsetpesten, onın` kewiline tiymesten sorawlar beriw arqalı dostlıq mu`na`sebettegi oqıw sha`rayıtın jaratıp beriledi.*

*Bu`gingi ku`nde ta`lim protsessınde oqiwshılar iyellewi kerek bolg`an bilim ko`nlikpe ta`jiriybe elementlerin baqlaw, boslıqlardı anıqlaw ha`m de diognostikalıq analiz ushin ta`lim protsessınde ken` qollanılatu`g`in testlerge ulıwmalıq pikirler, muzika ta`limi protsessinde innovatsion texnologiyalardan paydalanıw usı, test tapsırmaları tu`rleri ha`m olardın` analizi tuwralı mag`lumatlar sabaq protsessının` bo`limlerinde berilgen.*

*Ja`miyetimizdegi ko`pshilik oqıtıwshılardı ku`nler, ha`pteler ha`m de aylar dawamında o`qıtılatu`g`ın ayirmashiliq boyınsha a`ste-a`ste ha`r qıylı ko`rsetpe ha`m tapsırıqlar beretu`g`ın ha`m de bir turde qandayda bilimler toplamında oqıwshılarg`a sin`diretu`g`ın zerikerli qa`niygeler sıpatında tu`sinediler.*

*Jıllar dawamında ta`lim beriwshinin` bir neshe usılları ha`m metodları payda bolıp olardın` ja`miyettegi ornı, a`hmiyeti ullı.*

*Son`g`i waqitlari ja`miyetimizde ha`r bir insan onın` baslang`ish bilim da`rejeleri qanday boliwina qaramay qalegen kasipten bilim oliwg`a xaqili dep tapilip ha`m de onin` keleshekte ma`mleket ta`lim sistemasında a`det bolip qaldi. O`qiw karxanalarina tek bir neshe pa`nnen test tapsırmaların tapsırg`an jag`dayda jaslardi dunyag`a ko`z qarasları, ilimge qizig`iwlari ha`m bilimlerin sheklengen ha`m de bir ta`repleme boliwina sebep bolmaqta. Sebebi, mektep, litsey ha`m de kollejlarda pa`nler shetke surilip, olarda tek test tapsırılatu`g`ın boyınsha teren` ta`lim beriliwi, test juwaplarin olardin` mazmunina jetmesten este saqlawg`a ha`reket etiliwi pipkeriwshiler biliminin` sayız ha`m bir ta`repleme boliwina alip kelmekte. Bul ma`mleket keleshegi menen baylanıslı strategikalıq ma`sele bolg`anı ushın de onı aytıp o`tpesten ilajimiz joq. Bulardan tısqarı ta`lim beriw protsessınde tiykarg`ı diqqat itibar ta`limde sonday-aq muzika ta`liminde de sabaq beriw, qanday ta`lim standartına juwap beriw ha`m qanday materiallardan paydalanıwg`a qaratılg`an. Bunda ta`lim beriwdin` tiykarg`ı*

*bazası ha`m alıp barıwshı ku`shi bolg`an bir narse esten shıg`ıp qaldı-bul en` tiykarg`ı baza bolsa bul-oqıtıwshının` o`zi. Sonday-aq, muzıka ta`liminde mektep oqıwshılarının` sabaq protsessinde bizge belgili bes forması bolıp olardın` ha`r biri oqıwshı bilim alıwı ushın, keleshegi ushın ulken a`hmiyetke iye. Solardan nota sawatı, qosıq u`yren, muzıka a`debiyatı, nama tın`law en` a`hmiyetli orındı iyelleydi. Bunda namanı tın`law, tın`latıw balanın` psixologiyalıq o`zgesheligine ko`birek ta`sir etedi. Nama esitkende oqıwshının` esitip atırg`an namanın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti, milliy qosıq esitkende milliy ideologiyalıq seximleri qa`liplesip baradı. Bunı tolıq ha`m tuwrı sin`diriw ushın oqıtıwshının` pedagogikalıq ha`m de texnologiyalıq ko`nlikpeleri, ta`jiriybesi, qollag`an innavatsion texnologiyası ahmiyetli orında aktual ma`selelerden biri.*

*Kurs jumısının` maqseti: Oqıwshılarda nama, qosıq tın`lag`anda qabıl etiwshi bilim, ko`nlikpe, estetikalıq, ideologiyalıq sezimlerdi o`zinde qabıl etiwi ushın zamanagoy interaktiv texnologiya ja`rdeminde innovatsion turde oqıwshıg`a jetkeriw ha`m de ta`rbiyalaw*

*I-Bap. Ta`limde innovatsion texnologiya ha`m muzıka ta`limi*

*1.1. Ta`limde pedagogikalıq texnologiyanın` ornı*

*Ma`mleketlik bilimlendiriw standartı negizinde jan`a pedagogikalıq texnologiya tu`sinigi menen bir qatarda «Oqıtıw texnologiyası» tu`sinigi pedagogikalıq texnologiya tu`sinigine qarag`anda tar tu`sinik bolıp ol pedagogikalıq texnologiya tu`siniginin` tiykarg`ı komponentlerinen biri esaplanadı. Sabaq ha`mme pa`nler qatarında muzıka oqıtıwda ayrım sabaqlar balalardın` ta`lim alıw protsessını u`yreniw tiykarında sho`lkemlestirilgen bolsa, basqaları sabaq beriw proyessınde payda bolatu`g`ın mashqalalardı esapqa alg`an jag`dayda sho`lkemlestirilgen.*

*Oqıtıw formalarının` basqa ha`r tu`rleri bir qansha ilimpazlar ta`repinen islep shıg`ılg`an filosofiyalıq-modellar tiykarında sho`lkemlestirilgen. Keyinshelik oqıtıwshının` ta`lim beriw modelları tiyarında sho`lkemlestiriw ken` ko`lemde a`melge asırıla basladı.*

*Bunda o`qıtıwshı ha`m talabalardın` belgili bir qa`niygeliginen bilim alıwları arnawlı usıllar, modeller, ta`lim standartları yamasa strategiyalar tiykarında a`melge asırılar edi. Bazı bir modellerde oqıtıwshı ekilemshi (dominant) rolinde bolıp, ba`rshe ta`lim beriw wazıypaların o`zi sheshiwge xa`reket eter edi, basqalarında bolsa talabalarg`a tola erkinlik berilip, olar demokratiyalıq o`lshemler tiykarında oqıtılar, jane basqalarına bolsa talaba ha`m oqıtıwshı arasında ten`lik ha`m de do`retiwshilik pikir almasıw arqalı protsessı a`melge asırılıp, o`zara mu`na`sebette innavatsion, interaktiv ta`lim protsessı a`melge asırılar edi. Biraq, bul modellerdin` isletiliwi ha`m na`tiyjesi oqıtıwshı-talabalardın` bilim da`rejesine, ıntılıwlarına, sana sezimlerinin` rawajlanıw ko`rsetkishlerine ha`r qashan da say kelebermeydi. Ma`selen, klasstag`ı oqıwshılardın` ayrımları bilim alıwdı qa`lemeytu`g`ın*

*ha`m bunda qızıqpaytu`g`ın bolsa, qosıq aytıwg`a qızıqpasa, biraq oqıtıwshıdan olarg`a qandayda bir usıllar menen de qandayda bilim beriw talab qılınsa, ol jag`dayda joqarıda ko`rsetip o`tilgen ha`r qanday model, usıl yamasa strategiya ha`m de o`z-o`zinen qorqıp qaladı. Bunday jag`daylarda ta`lim beriwdin` en` a`piwayı modellerinen biri kooperativ ta`lim beriw modeli bolıp, onda talabalar ha`m ta`lim beriwshi instruktor birgelikte ma`lim bir waziypanı orınlaw protsessinde tiyisli ko`nlikpe yamasa bilimge iye boladılar. Biraq, ha`zirgi ta`lim beriw protsesı tiykarınan klassta oqıtıwshının` o`zara qatnası arqalı a`melge asırıladı.*

*Sonday-aq, ha`zirgi dawir ta`lim beriw ha`m bilimlendiriw protsessı to`mendegi tiykarg`ı komponentler menen ko`rsetiw mumkin:*

- *Oqıtıwshının` ju`mısı tek ilimiy, balki do`retiwshilik, artistlik tiykarında da a`melge asırılıw kerek;*
- *Oqıtıwshının` sabaq beriw protsessindegi roli biraz quramalı bolıp, onın` o`zine say tariyxıy ha`m zamanagoy ta`repleri bar.Aldıng`ı dawirlerde oqıtıwshılardın` tek zamanagoy bilimler beriwi talap etilse, xa`zir olardan ta`rbiyalıq, ma`deniy-ma`nawiy, siyasıy ha`m a`meliy bilimler beriwni de talap etiledi;*
- *Ha`zirgi zamanda ko`pshilik oqıwshshlar turli jerlerden kelgenlikleri ha`m olardın` bilim da`rejeleri bir-birinen biraz ayırmashılıqların esapqa alg`anda, oqıtıwshılardın` ju`mısı ja`nede quramalasadı-endi olar burıng`ıdan ko`re ha`r qıylı da`rejede ha`m de ha`r turli a`meliy ko`nlikpelerge iye bolg`an talabalar jamaasinde jumıs islewlerine tuwrı keledi. Bul bolsa olardan ta`lim beriwde jan`a usıl ha`m metodlar qollanılıwın ko`rsetip beredi;*
- *Oqıtıwshılarg`a bolg`an talap da sezilerli astı ha`m endi olar tek ilimiy emes, balki ag`artıwshılıq ha`m a`meliy bilimlerdi ha`m puxta iyellewleri zaru`r;*

- *Oqıtıwshılardın` isleri quramalı bolıp, olar basqarıwshı, sawbetlesiwshi, bag`darlawshı, sho`lkemlestiriwshi ha`m de bahalawshı rollarnı a`melge asırıwları kerek boladı.*

*Ta`lim na`tijeligigin ta`mindewshi en` tiykarg`ı jollarınan biri interaktiv ta`lim beriw texnologiyaları bolıp sabaq protsessinde qag`ıyda ha`m mumkinshilikleri da`rejesinde tanısıp shıg`asızlar.*

*Jan`a pedagogikalıq texnologiya ta`lim diziminin` ratsional jolların islep jıg`ıwshı protsess bolıp, onda oqıtıwshı tiykarg`ı juwapker shaxıs esaplanadı. Sebebi, onın` tiykarg`ı wazıypası axborottı oqıwshılarg`a tez ha`m de anıq, tu`sinikli etip jetkerip beriwden turadı. O`qıwshılardı jan`alıqlardı qabul etiwleri ha`m bularg`a itermeleniwleri ha`m de a`deplikleri ha`r qıylı bolıwına qaramay oqıtıwshı oqıwshılardı mustaqıl pikirlewge, pikir jwrgiziwge, juwmaq shıg`arıwg`a u`yretiw kerek.*

*Ta`lim diziminde bolıp atırg`an o`zgeris ha`m de jan`alıqlar oqıwshılarg`a jan`a bilim, ko`nlikpe ha`m ta`jiriybelerin beriw menen bir qatarda, jaslarımızdı o`zine ha`m basqa insanlarg`a, ja`miyetke, ma`mleketke, tabiyatqa qaray o`zgeriwin, watansu`yiwshilik ideyaların sanasına ha`m qa`libine sin`diriwin de ko`zde tu`tadı. Usı protsess elimizdi bay ma`nawiy miyras, da`stu`r ha`m urp-a`detlerin oqıwshı qa`libine sin`iriw arqalı a`melge asırıladı. Klassikalıq a`debiyat ha`m iskusstvo iyeleri ta`repinen jaratılg`an, milliyligimizdi ko`rsetip turg`an shıg`armalardı u`yreniw ha`m analizlew arqalı da joqarıdag`ı maqsetti a`melge asırıw mumkin. Biraq usı shıg`armalardı tu`sine alıw olardın` muzıkadlıq mazmunın tusiniw quramalı waziypalarg`a kiredi. Shıg`arma u`stinde islew biraz quramalı wazıypalardı oqıtıwshı moynına qoyadı. To`mendegi klassikalıq shıg`armalar mazmunı u`stinde islewdin` ta`lim texnologiyasının` metodologik sıg`patları (texnologiyalıq sxema, ilimiy*

*tiykar, baylanıs, basqarıwshılıq, na`tiyjelilik ha`m ken` ko`lemlilik) ke tiykarlang`an bir neshe usılları ko`rsetilgen.*

*1.2. Mekteplerde muzıka ta`limi*

*Muzıka sabag`ı balalardı a`deplilik jag`ınan rawajlanıwında u`lken na`tiyjeli ta`sir ko`rsetedi. Sabaq o`tiw muzıka ta`rbiyası diziminde jetekshi baza esaplanadı. Sabaq o`tiw ushın oushsh o`zinin` muzıkalıq ha`m teoriyalıq bilimlerin qa`liplestiriw kerek. Muzıka insandı qa`liplestiriwinde kerekli orın iyeleydi, onın` sezimi ha`m fiziologiyasına aktiv ta`sir ko`rsetedi.*

*Orta ta`lim mekteplerinin` tiykarg`ı uazıypalarınan biri, oqıwshılardı pikirlew ha`m oylawg`a u`yretiw. Bul uazıypalardı a`melge asırıwda muzı sabag`ı jetekshi a`hmiyetke iye. Bunda oqıtıwshı belgili bir muzıka shıg`arması menen oqıwshılarg`a tanıstırıp onı o`zi go`zzal etip, oqıwshılar dıqqatın shıg`armag`a qaratadı. Olardın` so`zlerdi tuwrı aytıw ma`deniyatın o`stiriw, pikirlew qa`biliyetin, du`n`yag`a ko`z – qarasın ken`eytiredi, emotsional sezimlerinede jaqsı ta`sir etedi. Muzika sabaqlarının` mazmunına tek g`ana o`zlestiriw emes, balki balalar sanasin uazıypalarg`a mu`na`siybetin rawajlandırıw. Estetikalıq ma`deniyatın payda etiw ha`m basqa ishki sezimlerin qa`liplestiriw ko`zde tutıladı. Oqıwshının` sabaqqa do`retiwshi sıpatında qatnasıwı u`lken a`hmiyetke iye ha`m de birneshe uazıypalardı o`z aldina maqseti etip qoyadı.*

*Muzıka ta`rbiyasında jan`a metod ha`mde qurallar izlew – turmıs penen isskustvo ortasındag`ı baylanıstı muzıka ma`deniyatin mazmuni ha`m ma`nisin ko`rsetip tu`sindiriw, maqsetti a`melge asırıwda mug`alim jaqsı tayarlıq etiwi, o`z u`stinde tınbay islewi, yag`nıy bilim ma`deniyatın, ilimiy a`debiyatlar, da`stu`rler, ko`rkem a`debiyatlar, teatrlarg`a barıp ruwxıy ha`m bilim jag`ınan sapasın o`stiriw jolların qa`liplestirip barıwı kerek. Muzıka o`tiletug`ın klasstı ta`b penen jaqsı*

*bezew u`lken a`hmiyetke iye. Ko`rgizbe qurallar, texnika a`sbapları, sa`z a`sbaplardan paydalanıp, sabaq planların, stsenariylarin du`zip jan`a texnalogiyanı qollawı tiyis. Ha`m de muzıka sabaqlarının` ba`rshe tarmag`ın maqsetin ha`m mazmunın sabaqtı temaların ashıp beriwi, turmıs penen baylanıstırıp sabaqtın` ha`mme bo`leklerin bir – biri menen baylanıslı o`tiwdi talap etedi.*

*Muzıka sabag`ı basqa sabaqlardan o`zinin` ko`rkemliligi, qızıqarlılıg`ı ha`m balalarg`a ko`birek do`retiwshi quwanıshlı, emotsional sezimler ha`m obrazlı keshinmelerdi oyatıw menen ajıralıp turadı. Sonın` ushın muzıka sabag`ı en` da`stlep, ta`rbiya sabag`ı muzıka sabaqları to`mendegi spetsifik o`zgeshelikleri menen basqa sabaqlardan parıq etedi.*

*1. Ol muzıka teoriyası ha`m atqarıwshılıg`ına qarap ha`r qıylı bo`limler vokal xor sho`lkemleri muzıka sawatı, muzıka tın`law, balalar sa`z a`spabında shertiw, ritmikalıq ha`reketler islew elementlarınan turadı.*

*2. Muzıka basqa isskustvo tu`rlerinen tu`sindiretug`ın, yag`nıy tu`sindiriwshi tili menen ajıralıp turadı. Eger ko`rkem a`debiyat so`z benen tu`sindirse, suwretlew o`neri ren`ler menen, muzıka bolsa o`z dawıslarında menen ko`terilgen nama ırg`aqları ja`reminde gewdelenedi. Joqarıdag`ı isskustvo tu`rlerin ko`riw ha`m esitiw arqalı tu`sinsek, muzıkanı tek dıqqat penen tın`lap g`ana tu`sinemiz.*

*3. Muzıka onın` waqıt o`lshemi menen baylanısqan isskustvo tu`ri. Sonın` ushın atqarılatug`ın muzıka tempine sazlanıp, onın` ha`r bir elementin dıqqat penen tın`lamasan`, shıg`armanı jaqsı tu`sine almaymız. Klassik shıg`armanı qaytalap tın`lag`anda onın` jan`adan jan`a ko`rkemligin sezemiz.*

*4. Muzıka balalarg`a aktiv emotsional ta`sir ko`rsetip, adamda tu`rli sezimler oyatadı. Jaqsı mazmunlı muzıka sabag`ınan balalar ko`rkem, ruwxıy dem aladı. Sonday-aq, muzıka sabag`ı o`zinin` aktiv psixologiyalıq ta`siri menen basqa pa`nlerden ajıralip turadı.*

*Sonın`day, muzıka sabag`ı basqa pa`nler menen ha`m baylanıslı. Suwretlew o`neri, a`debiyat, ana tili, matematika, tariyx, pedagogika, psixolgiya, vokal, ritmika ha`m tag`ı basqa. Bular muzıka ma`deniyatı sabag`ın o`mir, turmıs penen baylanıstırıwg`a mazmunlı, qızıqlı, sıpatlı etip sabaq o`tiwge ja`rdem beredi, a`sirese, ha`zirgi zamanago`y pedagogikalıq texnalogiyalardı qollag`anda, muzıka sabag`ı o`zinin` aralas sabaq tipi bolg`anlıg`ınnanda basqa pa`nlerden ajıralıp turadı.*

## *II-Bap. Muzıka sabag`ınının` nama tın`law barısında innovatsion protsess.*

### *2.1. Nama tın`lag`anda oqıwshılardın` bilim alıwı ha`m de ta`rbiyasın jetilistiriwde innovatsion protsesstin` a`hmiyeti .*

*Muzıka sabag`ı mekteplerde jeti jıl dawam etedi. Usi waqıt dawamında sabaqlar pedagogikanın` didaktikalıq teoriya ha`m printsipleri tiykarında du`ziledi. Usı printsipler mug`alimi ha`m oqıwshı ta`repinen islenetug`ın barshe ta`lim tiykarları – sabaq mazmunı, metodları ha`m sabaqtın` du`zilisindegi tiykarg`ı talaplar ha`m onın` jolların belgilep beredi. Muzıka sabaqlarının` didaktikalıq printsipleri bes tu`rden ibarat.*

*1. Muzıka ta`lim ha`m ta`rbiyasında sistemalılıq, ilimiylik ha`m dawam etiwshilik printsipleri.*

*2. Sabaqta oqıtıwshılardın` sapalı ha`m aktivlik maqseti.*

*3. Muzıka ma`deniyatı sabaqlarında ko`rgizbelilik maqseti.*

*4. Oqıw materiallarının` balalar bilim ha`m ko`nlikpelerine saylıg`ı printsipleri.*

*5. Muzıka sabaqlarında bilim ha`mde ta`jiriybelerdi bekemligi printsipi.*

*Usı printsipler tiykarınan oqıw materialların qollaw, muzıka sabag`ın mazmunın ha`m rejesin du`ziw protsessinde qollanıladı.*

*Bul aytıp o`tilgen ulıwma didaktikasının` printsipler, maqsetler bir – biri menen qatnasıqta bolıp, muzıka ma`deniyatı sabag`ın MTS nızamlarına say, milliy o`zgesheliklerdi esapqa alg`an jag`dayda, baylanıstı dawam etiwshiligin tiykar etip muzıka ta`rbiyası turaqlılıg`ın ta`miynleydi.*

*Muzıka ta`limi ha`m ta`rbiyasında ha`mme printsipleri ha`r bir sabaqta o`zinin` forması ha`m mazmunı menen ilimiy tiykarda payda bolıwı ha`m qa`liplesiwi kerek*

*Sonday-aq, muzıka sabag`ı formalarınan nama tın`law ushın shıg`armalardı bilim ha`m de ta`jiriybe da`rejesine ko`terip, a`piwayıdan quramalıg`a qaray o`zlestirip barıw printsipleri belgili ta`rtipke say balki, sistemalalıqqa kiredi.*

*Nama tın`lawda sabaqtın` ha`r bir jumısları o`z gezeginde, ha`r bir sabaqtın` a`piwayı dawamı bolıp, pedagogikalıq maqsetlerdi a`melge asırıp barılıwı dawam etiwshilik delinedi. Sabaqta oqıwshılardın` nama tın`latqanında olardın` aktivligi, namanın` ta`rbiyalın` sezimlerin o`zlerinde tuwrı qabıl etip alıw ushın oqıtıwshı joqarıda aytılg`an pedagogikalıq tiykarlarg`a a`mel etip, o`zinin` ko`nlikpe ha`m ta`jiriybelerinen kelip shıg`ıp, innovatsion texnologiyalardı qollag`an jag`dayda a`melge asırılıwı kerek.*

*Jaqsı nama kisinin` o`mirlik turmıs ta`jiriybesin bayıtıwdı, real ha`diyseni sezip biliw, pikir ju`rgiziw qa`biletin o`stiredi. Usı ta`jiriybe ha`m ko`nlikpenin` qa`liplesiwi bala sanasının` uzaq rawajlanıw protsessin talap etedi. Bunın` ushın balanın` oqıw materialların sanalı sıpatında bilip, o`zlestiriliwi biliwi protsessin, aktivliligin payda etiwi kerek. Demek ha`r bir muzıka sabag`ı formaların o`zlerine say o`zgesheligi bar, olar bir biri menen izbe-iz zınjır usılında a`melge asıwın ta`minlewimiz kerek boladı.*

*Belgili muzıka shıg`armasın tın`lap o`zlestiriw ha`m onnan estetikalıq ruwxlanıwın, tu`sine biliwi, balanın` en` da`slep dıqqatın asırıw, onda qızıg`ıw oyatıw, sanalılıq ha`m de aktivlikti payda etedi. Muzıkanı dıqqat penen tu`siniw o`z na`wbetinde ko`rkem nama ha`m eslew qa`bileyetindegi jaqsı protsessti talap etedi.*

*Muzıka tın`law, muzıka sawatı, olardı u`yreniwde de dıqqat ha`m aktivlik muzıkanı teoriyalıq ha`m a`meliy ta`replerin tuwrı ha`m o`zlestiriwdi an`satlastıradı.*

*Sabaq protsessı nama tın`law forması baslawısh klassda, orta klasslarda ha`m joqarı klasslarda da a`melge asırıladı, bul balalarg`a en` da`slep muzıkag`a aktiv qızıg`ıw, muzıka sezimlerin payda etiwde qol keledi. Muzıka sabag`ında asirese baslawısh klass owshılarına kuwnaq nama ha`m de qosıqlardı tın`latıw qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı. Og`an bolsa sabaqtan muzıka oqıtıw tu`rlerinin` maqsetke muwapıq almasıp tu`rıwı qol keledi. Sol menen birge muzıka tuwralı jan`a tu`sinikler payda bolıp, muzıkanı sapalı u`yreniwge qızıg`ıwı ku`sheyedi. Bunın` na`tiyjesinde nama tın`lawda ha`m basqa a`meliy islerdi islewde aktivlik, obraz siyalı o`zgeshelikler anıq ko`rinip baradı. Bul protsessti a`melge asırı olarda ku`shli ta`sir etiwine dıqqat awdarıwımız za`ru`r. Sebebi namanı ta`sirli esittiriw, jaqsı mazmunlı atqarı biliw kerek boladı. Awdio-video, slayd, mul`timediya, lingofon arqalı da a`kmelge asırıw olarda bir basqasha tu`yg`unı, muzıka pa`nine xurmet,o`z milliy namalarına qızıg`ıw, namadan mazmun alıw sezimleri qa`liplesip baradı. Bul bolsa biz kutken na`tiyjelerdi beredi ha`m de maqsetke erisemiz. Sabaqtın` kalendar` – temalı rejesi, da`stu`r tiykarındag`ı muzıka isleri formasına qaray, du`zilse de sabaq ha`mme waqıt da muzıka tın`lawdan baslanıwı shert emes. Yag`nıy sabaqtın` du`zilisi, forması o`zgermes temalı dizimde emes, balki temalı rejedegi shıg`armalardı o`zlestiriw ushın muzıka islerin qaysı birinen baslap, qaysı tu`rinen tamam bolsa da, balalardı muzıkag`a ha`m sabaq mazmunına innovatsion texnologiyalardı qollag`an jag`dayda ko`birek qızıqtıra alıw ha`m pedagogikalıq maqsetke na`tiyjeli erisiw mu`mkinligi kerek. Demek, sabaqta qollanılatu`g`ın ha`r bir muzıkalıq islerdin` tu`ri sabaqtın` ajıralmas bir bo`legi bolıp, onın` sabaq maqsetine qaratılıwı kerek*

*boladı. Na`tiyjede balalarda muzıkalıq ta`rbiya menen qa`liplesip, muzıkanı isskustvo sıpatında estetik ta`repten sanalı obrazlanıwı na`zerde tutıladı.*

*Sonın` menen birge nama tın`latqanda oqıwshılarg`a milliy sezimdegi namalardı aste-aste esittirip barılıwı olarda milliy da`stu`rleri arqalı o`z Watanına, xalıqına bergen sadaqatı sezimine iye boladı, ana, watanını su`yip ardaqlaydı. Bul sezimlerdi na`tiyjeli a`melge asıwında innovatsion texnologiyalıq metodlardan paydalanıp olarg`a tikkeley ta`sir etiwshi tu`rde a`melge asırıw maqsetke say. Sonday–aq muzıka oqıtıwshısının` ruwxıy sezimleri arqalı oqıwshılar da ta`rbiyalanıp barshwda sabaqtı to`mendegidey tablitsa arqalı rejelestirsek sabaqta oqıwshılardı ruwxıy jetiskenliklarini qa`liplestiredi.*

*Oqıwshılarg`a nama tın`latıw ushın qulay mumkinshilikler jaratıp beriliwi kerek:*

*1. Sabaqlıqlar, qollanbalar da`stu`rler, usınıslar, didaktikalıq ha`m de metodikalıq ko`rgizbe qurallar ha`m texnikalıq qurallardan paydalanıw;*

*2. Klasta qulay psixologiyalıq sha`rayıttın` bolıwı;*

*3. Mug`allim menen oqıwshı arasında o`z-ara jaqsı mu`na`sebette bolıw.*

*Usı pedagogikalıq mu`mkinshiliklerge a`mel etip sabaqtın` maqseti ha`m teması, tuwrı sho`lkemlestirilse sabaq sıpatlı ha`m na`tiyjeli bolıwı mu`mkin.*

*Muzıka sabag`ında, muzıka ta`rbiyasında, muzıka mug`alliminin` o`zi de ko`rgizbe qural bola aladı. Sebebi, ol o`zi qolı menen emes, ba`lki qulag`ı menen esitedi. Muzıka tın`lag`anda nama ko`rgizbe retinde shertip ko`rsetiledi. Oqıtıwshının` o`zi atqarıwında tiykarg`ı ko`rgizbe bolıp esaplanadı. Bulardan tısqarı, texnikalıq,*

*ko`rgizbeli kartochkalar grafik jazıwlar, suwretler, nota jazıwları da muzıka ma`deniyatı sabag`ında ko`rgizbe sipatinda u`lken a`hmiyetke iye.*

*Kalendar temalı is rejesin du`zgende oqıwshılardın` jas o`zgesheligi muzıka oqıtıwına jan`a qosıqlar, muzıka tın`law ushın, shıg`armalar, muzıka sawatındag`ı oqıw materialları, sabaq islerine qarap du`ziledi. Ha`r bir sabaq bir biri menen zınjır metodı arqalı baylanıslı bolıwı maqsetke say. Da`stlep bilim ha`m ta`jiriybelerdin` teren`ligi, bekkemligi ha`m o`mirden alıng`anlıg`ın ta`miynlew kerek, yag`nıy usı shıg`armanı ha`m onın` atqarıw usıllarınan, ma`deniy o`mirimiz ushın za`ru`r ekenligi tuwralı balalarg`a isenim payda bolıw kerek. Da`stu`r tiykarında shıg`armalardı to`mendegilerge a`mel etiliwi kerek.*

** Shıg`armanın` balalardı ko`rkem ha`m de a`dep ikramlıqta ta`rbiyalaw ushın saylıg`ı,*

** Muzıka ta`liminin` o`zgesheligi,*

**Klasstag`ı ba`rshe balalardı usı shıg`armag`a qızıqtırıp ha`m de tolıq o`zlestiriwge erisiw.*

*Muzıka sabag`ında ha`r bir jan`a bilim elementi sabaq barısında tolıq u`yrenilip keyingi sabaqlarda ken` qollanılıp ha`mme waqıt bul bilimge aylandırıladı.*

## *2.2. Nama tın`latıwda  ped. texnologiyalıq metodlardan paydalanıw jolları*

*Ta'lim dizimi, mazmuni ha'm onin' ta'rkibin ken'eytiw, teren'lestiriw, ayniqsa, ta'lim mazmuninda tek bilim, ko'nlikpe ha'm ta'jiriybe emes balki uliwmainsanliqti, madeniyatti qurawshi-tvorchestvoliq xa'reket ta'jiriybesi, do'gerek atirapqa mu'na'sebetlerin de kiritiw ideyasi ku'n ta'rtibinde ko'ndelen' etip qoyildi. Bul protsesste to'mendegi komponentlerin ju'zege shig'ariwi mumkin: - jumis tu'rleri (a'meliy, sotsial, ruwxiy), - sotsial sana formalari (a'dep, saniyat, filosofiya, pa'n h.t.b.), - sotsial mu'na'sebetler dizimi (ideyalogiyaliq), - sotsial ha'm tabiyg'iy barliq (keyingi awlatlarg'a miyras qaldirilg'an bayliqlar).*

*Sabaq protsessinda, ta'lim ta'rbiyada oqiwshi tiykarg'i xa'reketlendiriwshi kush, ta'lim protsessinin' sub`ekti boliwi kerek, yag'niy oqiw, u'yreniw oqiwshi moynina jukleniwi kerek. Mug'allim bolsa oqitiwdan oqitiwdi u'yreniwge, bilim beriwden oqiwshilardin' bilimlerin erkin iyellewlerine ko'meklesiwden turiwi kerek. Ol oqiwshig'a itimal tuwdiriw, mumkinshilik jaratiwi ha'm oni jawapgershiligin seze aliwg'a jollawi kerek.*

*Ha'r bir sabaq aldina ta'lim, tarbiyaliq ha'm rawajlandiriwshi, yag'niy bir biri menen baylanista bolg'an maqsetler qoyiladi.*

*Oqitiwshi sabaqqa texnologiyaliq ha'm metodikaliq ta'repden tayarlaw, aqil rawajlang'anliq, oqitiwdi jaqsilaw, jan'a oqitiw texnologiyasi menen qurallandiriw protsessi uzaq ha'm tinimsiz izleniwlerdi talap etedi. Sonin'day, muzika oqitiwshisinda muzika iskusstvosin balalarg'a u'yretiw menen birge ta'rbiyalawda jan'a qulay metodlardi izlep taniwi ha'mde bul metodlardi jan'alap o'mirlik tsikllardi o'zgeriwi arqali oqitiw, ta'lim aliw protsessi jan'alanadi.*

*Oqıtıwshı ha`r bir muzıka sabag`ında oqıwshılarg`a nama tın`latqanda ol 45 minutlıq sabaqtın` 6-7 minutın iyelleydi. Sol minutlar*

*ishinde oqıwshı namanı qalay esitip atır, qanday muzıka instrumentinde shertilgen, nama qalay shertilip atır, qanday texnikalıq apparata esitip atır, kim atqarıp atır, solardın` ba`rshesi oqıwshılar ko`z aldında gewdelenip, nama mazmunı menen birgelikte bala qa`libine jol aladı ha`m bir o`mir o`rın aladı. Bul aylanıstı ta`rtip menen, tuwrı a`melge asırıwda oqıtıwshı innovatsiyalıq protsessti tuwrı a`melge asırıwı kerek.*

*Oqitiwshi ha'r bir namanı oqıwshılar analiz etiwi ushın mumkinshilikler jaratıp beriwi, o`z pikirin ayta alıwı ushın imkaniyat beriwi, oqıwshı pikirin tolıq esitiwi, bir na'rsege salistirıwg`a u`ndewi, namanı basqa namalar menen salistirip, nama mazmunlerin dodalaydi. Sol menen birge shayir ha'm kompozitorlar tvorchestvosin o'mirlik siyasiy turmis dawir waqiyalarin sol menen birge ha'm muzika, qosiq tariyx, tvorchestvo, kompozitorlar avtobiografiyasi, teoriya tuwrali tu'sinikke bir waqittin' o'zinde iye boladi, bul bolsa balag'a tez sin'edi. Ha'mde bul shig'arma tuwrali oqiwshi pikirin esitiw, olardin' analizleri, uqsatiwlarin tin'lap baxalap bariladi.*

*Pedagogikaliq jetiskenliktin' siri qollap atirg'an texnologiyalarda emes balki pedagog ta'rbiyashi sipatinda, sheberliginde oqitiwshilar qa'libine jol taba aliwinda ko'rinedi. Sebebi insanliq o'zgeshelikleri, ruwxiy sezimlerge tola mu'nasebetleri pedagogikaliq qatnasi ha'm sheberligini ornin basa almaydi.*

*Muzika sabag'inda shig'armani barliq ta'rbiyaliq ahmieti, sezimleri menen esitedi, ko'z aldina keltiredi, ruwxiy aziq, ta'lim aladi.*

*Muzika oqitiwshisi sabag'ina miyir menen qatnassa, onin' pu'tkil siri usillarin teren' iyellegen bolsa, texnologiyalar, metodlar oylap tabıwı ha`m de oqıwshılarg`a say metoddı qollay alıwı, do`retiwshilik qa`biliyeti oqıwshılardın` bilim alıwına o`z ta`sirin tiygizedi.*

*Oqitiwshi ha'r bir shig'arma u'yretiwde sabaqliqta berilgen sotsial tapsirmalar ja'rdeminde oqitiwshilardin' ha'r birin o'zi payda etiwge mumkinshilik jaratiw kerek.*

*Sabaqqa oqiwshi yamasa oqitiwsha ta'repinen shig'arma mazmunin qayta aytiwi, yag'niy qaytalaw usillari ha'm boliwi mumkin. Bunday usil, bilimdi bekkemlewge ja'rdem beredi. Oqitiwshi muzika yamasa qosiqti qiytalap balalarg'a u'yretiwde zeriktirip qoymawi balki qosiq u'yretiwi da'waminda qosiq mazmuni, avtori, tariyxiy ko'rinisin aytip u'yretip qiziqtira aliwi oqitiwshi qa'bilietine baylanisli.*

*Sabaqti aldina qoyg'an tiykarg'i maselesi ha'm tarawi sabaqtag`ı oqitiwshi usillarinda soylew ma'deniyatinde, metodlar tan`lap biliwinde. Egerde metod tuwrı tan`lanbag`an bolsa, sabaqta otilip atirg'an shig'arma yamasa namanin' ko'rkenmligi, go'zallig'i ko'rinmey qaladi. Bul kemshilikti aldin alip oqitiwshi metodi tuwri tan'lap biliwi kerek.*

*Oqitiwshi mimikalar, irg'aqlar, diktsiyalardan tuwri paydalana aliwi qosiq irg'ag'ina, so'z qatarlarina, go'zzal qosiq shig'ara aliwda hamde tin'lawshig'a jetkere aliwda oqiwshilarg'a jaqsi, tuwri sin'iwine ku'shli ped.texnologiya, pedagogik sheberlikti talap etedi.*

*Muzıka sabag`ında nama tın`latqanda ko`binese oqıwshılardın` milliy sezimlerin rawajlandırıw ushın milliy qosıqlar esittirip baramız.*

*Muzıka oqıtıwshısının` ruwxıy sezimleri arqalı oqıwshılar da ta`rbiyalanıp barshwda sabaqtı to`mendegidey tablitsa arqalı rejelestirsek sabaqta oqıwshılardı ruwxıy jetiskenliklarini qa`liplestiredi.*

*Bul orında biz sabaqtı to`mendegidey reje tiykarında o`tsek boladı:*

| | *Qollaytu`g`ın texnologiyalıq metodlar, is-ilajlar* | *A`melge asırılıwı kerek bolg`an talaplar* |
|---|---|---|
| 1 | *Audio-video, monitor, lingafon texnikalıq apparatlar arqalı esittirip barıw* | *Muzıkalıq, tariyxıy, teariyalıq ha`m de a`meliy bilimler menen ta`jiriybelerdi pedagogikalıq ta`lim basqıshında qollaw.* |
| 2 | *Oyın metodları, bir minutlıq isler, zınjır metodı arqalı* | *Qaraqalpaq milliy muzıka da`stu`rlerinin` milliy, ruwxıy mazmunında, obrazlarda atqarıw ha`m jetkerip beriwde ha`r qıylı metodlarda o`zlestiriw.* |
| 3 | *Kontsertlerge alıp barıw, Oyın metodı* | *Ruwxıy ag`artıwshılıq islerinde olardı sho`lkemlesiwine milliy qosıqlardan repertuarlar taryalaw* |
| 4 | *Sahna ko`rinisi oyının oynaw* | *Arnawlı sho`lkemlerge tek qaraqalpaq milliy qosıqlar emes, balki basqa xalıq qosıqlarınan kirgiziw.* |
| 5 | *Mektepten tısqarı islerde* | *Xalıq qosıqlarına, estrda qosıqlarına yamasa basqa janrg`a qızıqqan oqıwshılardı sabaqtan tıs muzıka do`gerek islerine shaqırıw* |
| 6 | *Ushırasıwlar o`tkeriw* | *Muzıka tuwralı sawbetler, kontsertler, atqarıwshı, do`retiwshiler menen ushırasıwlar o`tkerip turıw* |
| 7 | *Tekshee metodı, qanday? Metodı, klaster metodı* | *Qosıq namalardı aytıp tın`lap basqıshpa-basqısh u`yrenip barıw* |

*Sonday-aq, ta`lim sistemasında texnologiyalastırıw ma`selesi ha`zirgi en` aktual ma`selesi sıpatında qaralmaqta.*

*Mektep oqıtıwshısı o`z ta`jiriybe protsessında o`zine:*

*Ha`r bir mug`allimge ha`r waqıt ne ushın oqıtıw kerek?*

*Nelerdi oqıtıw kerek?*

*Qanday oqıtıw kerek?*

*Qanday usıl ha`m metodlardı qollasaq boladı? siyaqlı sorawlardı o`zine berip ha`m olarg`a juwap izlep ju`riwge tuwrı keledi. Sonday-aq, oqıwshılarnı da o`z u`stinde islewin talap etip barıw kerek boladı*

*Oqiwshilar o`z-betinshe ha`m do`retiwshi pikir juritiw protsessinde esitiw qa`biliyetlerine mumkinshiliklerine suyenip, o`z pikir alisiw tu`siniklerin belgilewge xa`reket etediler. Sonday-aq muzıka ta`liminde oqıwshılardın` tın`law ha`m atqariw aktivligin asiriwda, qosıq aytıw qa`biliyetlerin qa`liplestiriw ha`m de rawajlandırıw ma`selelerdi, orinlaw olardin` juwmaqlarin ta`jiriybelerin rawajlandiriw u`lken a`hmiyetke iye.*

*Muzika sabaqlarin na`tiyje beriwshi da`rejesi oqiwshilardin` muzıka bilimlerin, atqarıw qa`biliyetlerin qay da`rejede o`zlestirgenligin, o`z pikirlewlerin o`retiwshilik arqali ko`rsete biliw ta`jiriybesi, atqariw ko`nlikpelerin qalay u`yrenip ta`jiriybege iye bolg`anliqlarin qay da`rejede ekenlikleri menen belgilenedi. Muzıka oqitiwdin` printsipleri de metodlari da balalarg`a do`retiwshilik, mustaqil pikirlew, do`retiwshilik pikir na`tiyjesine xizmet etiwi kerek.*

*1. Muzika sabaqlarin sho`lkemlestiriw ha`m o`tkeriwde oqiwshilardin` doretiwshilik ko`nlikpelarin qa`liplestiriwge xızmet etiwshi ba`rshe qurallarinan, sonday-aq, notalar menen islesiw, tapsırmalardi bayanlaw ha`m do`retiwshiligin aniqlaw, ko`rkem qosıqlardan, sonday-aq ren` suwret ka`sipleri do`retiwshiliginen de paydalaniw ha`m de video-audio, texnikalıq qurallardan paydalaniw maqsetke say.*

*2. Sabaq protsessinde induktiv ha`m aralas metodlar orınli qollanılsa, uliwma u`qsaslıq, ha`diyse, sebep mu`na`sebetlerin ayırmashılıg`ın anıqlaw tiykarında do`retpe mumkinshiliklerin jaratıwg`a erisiwi mumkin.*

*Muzika dawislarin o`zinde iyelik etken nota dawısları, al`teratsiya belgileri, janrları, atqarılıw jolları sonday-aq, qosıqlardın` ma`nis mazmunın sawlalandiriwshi belgiler ha`qm muzıka sawatı, a`debiyatı, muzıkanın` pu`tkil komponenti arqalı ha`r bir muzıka sabag`ında, sonday-aq, u`y waziypaların orınlaw protsessında ken` paydalanıwdı usınıwshı tapsırmalar beriwge ayrıqsha itibar qaratıwı kerek. Bul arqalı oqıwshının` muzıkalıq*

*sawatın jaqsılaw, muzıkanı tu`siniw seze alıw, atqarıw qa`biliyetlerin o`stiriw, erkin pikirlew ha`m de izleniwge u`yretiw jaqsı na`tiyje beredi. Bulardın` a`melge asırıwda nama tın`lawdın` waziypası a`hmiyetli. Tın`lag`an namadag`ı barlıq komponentler ha`r bir muzıka tapsırmasına o`z ta`sirin tiygizedi. Qanday esitken bolsa sonday muzıka atqarıwg`a xa`reket etedi, al`teratsiya belgilerin taba aladı, kompozitorlardın` nama arqalı ishki sezimlerin seze aladı. Ma`selen, qayg`ılı urıs waqıtındag`ı jazılg`an nama yamasa qosıqtı esitken bala sol dawir waqiyaların oqıg`andan jaqsı qabıl etedi, tu`sinip aladı. Muzıka xesh bir so`z menen jetkere almag`an pikirdi jetkeriwde en` jaqsı qural esaplanadı. Kishkantay bala da muzıkanı esitkende tınıp esitedi, dıqqat awdaradı.*

*Oqıwshılarg`a nama tın`latqanda tek nama emes balki olar ayta almaytu`g`ın qosıqlardı biliwleri, olardag`ı ideyalıq mazmunın o`zlerinde sin`diriw, usınday qosıqlardın` bar ekenligin biliwleri ushın esittiriledi.*

*Bulardan tısqarı milliy muzıkamızdı qanday namaları bar ekenligi, oldardın` tariyxıy ko`rinisleri qanday ekenligin, o`z anna watanının` qanday xalıq bolg`anlıg`ın, qanday shabıslarda qatnasqanlıg`ı, qaysı eller menen doslg`ı, mu`na`sebeti xaqqshnda bilip alsa boladı. Bul a`mellerdi a`melge asırıw ushın ko`plegen metodlardan paydalanamız.*

*Barshe zamanlardin` ha`m ma`mleketlerdin` ilimpaz ha`m de jetekshi qa`niygeleri bul xaqta ko`p ko`p jillardin beri bas qatirip kiyatirg`ani hesh kimge sir emes. Bulardin` ishinde en` sapalisi pikirdi insanlardin` bilim aliw protsessin u`yreniw boyinsha u`lken Batis ilimpazi Blum bildirgen ha`m o`zinin` usi belgili aktiv bilim bilim aliw dizimi konsepsiyasin islep shiqqan. Bul tuzilme ko'binese «Bilim oliwdin` alti tekshesi yamasa «Blum taksonomiyasi» dep ataladi. Bul taksonomiya to`mendegi tiykarg`i basqishlardan turadi:*

***Bilim oliw** – Tiykarg`i da`lillerdi izlew ha`m tapiw, esde saqlay aliw,*

*tusindiriw, qayta jan engiziw, taniw, atin aytiw izleniw, du`zilisin biliw, ko‘rsetiw siyaqlilar a`melge asadi.*

***Tusiniw*** *– qayta so‘ylew, ma`nisin tu`siniw, suwretlew ha`m basqasha usilda basqasha so`zoer menen ta`ripley aliw na`tiyjesinde erisiledi.*

***Qollaw*** *– aling`an bilimdi basqa mumkinshiliklerde qollaw(isletiw, sheshiw, tajiriybe o`tkeriw, baqlaw, aldinan gipoteza etiw, qandayda bir ma`seleni ha`l etiw) di o`z ishine aladi.*

***Analiz*** *– tusinikler arasindag`i tiykarg`i mu`na`sebetlerdi aniqlaw ha`m olardin` ma`nisin tusiniw–qa`niyge materialin (bilimni, ha`diseni, mag`lumatti) sho`lkemlestiriwshilergen ishki bo`leklerge bo`lip shig`iw ha`m olardin` ha`r birinin` waziypasin tu`sinip shig`iw. A`piwayidan quramalig`a ha`m quramalidan a`piwayig`a joneltiriwde analiz ete aliw (bolimler arasindag`i mu`na`sebetti aniqlaw, bir-birine qosilg`an, birlestiriw bo‘lip shig`iw, boleklerge ayiriw, toparlarg`a boliw, uliwmaliq qag`iydalardi tapiw, tu`rlerge boliw).*

***Sintez*** *– jan`a na`rseni (bilimni, predmetti, mashinani) onin` bir qansha boleklerden ha`m olardin` o`zgesheliklerinen paydalanip sho`lkemlestiriw (duziw, konstruksiya jiynaw, kombinasiyalaw, jan`a gipoltezani sho`lkemlestiriw), olardi sinawdi a`melge asiriw ha`mde na`tiyje tiykarinda jan`alarin barlarina qarsi sipatinda islep shig`iw.*

***Bahalaw*** *– erisken na`tiyjeni aniqlaw, qarar shig`ariw, yamasa sheshim tabiw(bahalaw protsessin a`melge asiriw, orinlaw, sebeb ha`m song`iliq zinjirindegi qatnasti aniqlaw, turlerge boliw ha`m de olardi aniqlaw).*

*Bul jumislardi a`melge asiriw jollari ha`m usillarin aling`an o`mirlik ta`jiriybeler tiykarinda ko`rsetilgen O‘qiwshilar usi zamanagoy ta`lim usillari, tiyisli pa`nlerden tola sabaq aliwlari ha`m pa`nni tiyisli basqishinda jaqsi (ayriqsha) o`zlestiriwleri ushin olar mektep dasturi ko`leminde ha`m de*

*u`yreniletu`g`in pa`n yamasa muzika pa`ninen tayanish bilimlerge iye boliwi kerek. Sebebi fundamental bilim do`gereginde insandag`i belgili pikirler qabiliyeti bolip, ol menen qandayda ka`sip tuwrali pikir almasiw ha`m onin` dunyag`a ko`z qarasin (bilim aylanisin) tiyisli bag`dari belgili rawajlaniw mumkin. Eger bunda bazi bir* ***ob`ektiv ha****`m sub`ektiv sebeplerge qaray mumkinshilik bolmasa, oqiwshilardı fundamental jonelislerin tiyisli qa`niyygelerinde baslawish tayarlaw ha`m olarg`a kerek bolg`an bilimler jiyinin beriw za`ru`r boladi. Eger talabalar bul aniqlaw, u`yreniw natiyjesinde say toparlarg`a bo`linip, maqsetli oqitilsa, na`tiyjeler jan`a ha`m na`tiyjeli boliwi mumkin.*

*Bul jumısların muzıka sabag`ında da oqıtıwshı usı altı tekshege a`mel atse o`z aldına qoyılg`an maqsetke erisiwinde ja`rdem beredi.*

*Na`tiyjeli ta`lim sharayitin jaratiw rejelestirilgen jag`dayda oqıwshılar menen sawbet ha`m aktiv pikir almasiwin a`melge asirilg`anda oni ja`nede na`tiyjeli etiw ushin to`mendegilerge a`hmiyet beriliwi maqsetke say:*

*a) Oqıwshılardan qanday juwaplar ku`tip atirg`anin o`z ko`zin`iz, janli misallarin`iz ha`m basqa usillar menen bildiriwin`iz talap qiliwi mumkin. Olar bergen sorawlarg`a qisqa, jaqsi oylanmag`an sayiz ha`m jasirin juwaplar berse, siz bunday tuwri juwmaq shig`arip aliwin`iz ha`mde sabaqti kerekli bag`dardi burip ju`beriw ushin ha`reket qiliwin`iz kerek boladi.*

*b) Ba'zi paytlarda sawbet bag`darin jan`a u`yrenilip atirg`an namag`a qaratiwin`iz da za`rur bolip qaliwi mumkin. Bul jag`day pikir alisiwg`a pu`tkil basqa tema ta`repke burilip ha`m o`zgerip ketken jag`daylarda kerek boladi.*

*v) Oqıwshılardan ha`r bir ma`sele boyinsha turli juwaplar (pikirler, mu`na`sebetler) bar boliwina xurmet oyatiw ha`m pikirlesiw turinde rawajlandiriwda ha`l etiwshi a`hmiyetke iye. Bul jag`day talabalardin` ta`jiriybeleri, o`mirlik ko`nlikpeleri ha`m qizig`iwlari turlishe bolg`ani ushin*

*tabiyg`iy turde ju`zege keledi. Bunda olardin`  ku`tilmegen «klassik emes» (a`piwayı)sorawlarg`a toqtaliw ha`m olardi jaqsi /u`namli ta`replerin dodalaw ha`mde kerekli bag`darda rawajlandiriw jaqsi na`tiyjelerge  alip keledi.*

*g) Oqıwshılardin` juwaplarin tuwrilawg`a uriniw ko`binshe jaqsi na`tiyjelerge alip kelmeydi. Bul olardi basqalar aldinda qulay emes jag`dayg`a salip qoyiwi mumkin. Sebebi olardin` juwaplarin a`meliy ta`jiriybesin esapqa alg`an jag`dayda ko`zden keshirsek, bundan o`zine say bir ma`nis tabiwimiz mumkin  Har qanday juwapti da qollap quwatlap, onin` u`namli ta`replerin ratsional temani tabiw ha`m buni oqiwshilarg`a ko`rsetiw olarda o`z-o`zine isenim oyatyadi ha`m de olardin` pikilewprotsessin aktivlestiredi.*

*Juwmaqlaw*

*Ma`mleketlik bilimlendiriw standartı negizinde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardı jaratıwda ha`m qollanıwda bir qansha talaplar qatan` esapqa alınıwı tiyis; oqıwshının` ha`zirgi oqıw xızmeti menen oqıw ornın pitkergennen keyingi xızmetinin` xarakteri, bilimlendiriw tu`rine ha`m basqıshına ılayıq pedagogikalıq texnologiyanı jaratıw, ma`mleketlik bilimlendiriw standartına tiykarlanıp oqıw jobasın, oqıw bag`darlamaların du`ziw, sabaqlıq ha`m oqıw qollanbaların jaratıw, oqıw pa`nlerinin` mazmunın, ko`lemin anıqlaw, o`tiliw sistemasın belgilew. Maqsetke muapıq en` za`ru`r oqıtıw protsessin sholkemlestiriw ha`m da`stu`riy emes sabaq tu`rlerin, usılların, texnikasın, metodları menen quralların tın`law, oqıwshılardın` qızıg`ıwın, u`qıplıg`ın, bilim da`rejesin, jas o`zgesheliklerin esapqa alg`an jag`dayda qollanılatu`g`ın metodikalıq ilajlar sistemasın islep shıg`ıw, sabaq protsessinde islenetu`g`ın o`z betinshe jumıslar menen u`yge beriletu`gın tapsırmalardın` siteması menen ko`lemin anıqlaw, oqıwshılardın` bilim ha`m ta`rbiyalang`anlıg`ı da`rejesin qadag`alaw, t.b. Sonday-aq mazıka ta`liminde mekteplerde oqıwshılardı jas o`zgesheliklerine qaray repertuar tan`lanadı. Ha`r bir sabaq protsessinde nama tın`law barısında namanı balanın` jası, psixologiyasına qaray tan`lanadı. Sonın` menen birge baslawısh klass oqıwshıları namanı quwnaq, jen`il namalartan`lansa, orta ha`m joqarı klass oqıwshılarına namanı milliy, ta`rbiyalıq sezimlerge bay bolg`an namalardı innovatsiyalıq texnologiyalar ja`rdeminde oqıtıwshı do`retiwshi esapında, izlenip ta`lim ta`rbiya islerin alıp barıwı kerek boladı. Oqıwshılardı ta`rbiyasında nama tın`law en` innovatsion ta`sir ku`shine iye bolg`an  protsess. Oqıtıwshı ha`r bir sabaq dawamında qosıq ha`m namanı tın`latqanda texnikalıq apparatlar, taza*

*texnikaldıq apparatlar, oqıwshılardı qızıqtırıwshı metodlardı qollag`an jag`dayda sabaq o`tiw pedagogikanın` innovatsion texnologiya tabaplarına juwap beredi ha`m de oqıwshılar sabaqtı mazmunlı, maqsetke say ha`m na`tiyjeli qabıl etediler.*

*Paydalanılg`an a`debiyatlar:*


1. *Karimov.I.A. «Yuksak ma`naviyat engilmas kuch». T.: 2008.*
2. *Azizxodjaeva.N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Oquv qollanma.-T.: 2006, 160b.*
3. *Didaktika.1997 y. «Fan»nashriyoti. -255b.*
4. *YAngi pedagogik texnologiya asoslari. Innovatsiya jarayoni. 2007y. -56b.*
5. *Ishmuhammedov «Ta`limda innovatsion texnologiya» 2010y Toshkent. Fan nashriyoti 232b*
6. *Shayakubov Sh.K., Ayupov R.X. Interfaol ta'lim usullari. – T.: TMI, 2010. – 128 bet*
7. *Internet betleri: http://www.www.ifc.or.jp*

*http://www.charitynet.net*

*http://www.developmentgateway.com*

*http://www.webnexus.com/users/icc/iccnchp.html*

*http://www.civicus.org*

*LISTSERV@LISTS.FDNCENTER.ORG e-mail*